

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Drama mangrupa hiji karya sastra nu dipagelarkeun minangka lajuning laku tina naskah nu dijieun saméméhna. Drama dipintonkeun miboga rupa-rupa udagan. Aya nu udaganna keur hiburan, kritik sosial, atawa media pikeun nepikeun maksud jeung udagan pangarang ka nu ngaprésiasi karyana. Caritaan dina drama bisa ngagambarkeun rupa-rupa kahirupan jalma. Boh éta carita gumbira boh carita nu sedih.

Jalan carita dina drama gumantung kana wanda drama nu dipidangkeunna. Contona dina longsér, carita drama nu dipidangkeun maké unsur bodor pikeun ngahibur nu ngaprésiasina. Béda deui drama réalis, nu dijerona ngagambarkeun kaaayaan nu saenyana tanpa aya carita nu diheureuykeun, udaganna sangkan nu ngaprésiasi bisa kabawa suasana sarta maksud jeung udagan pangarang bisa katepikeun. Lian ti eusi carita, palaku dina drama ogé miboga peran penting kana kualitas éta drama. Dipilihna karakter unggal palaku mangaruhan kana eusi carita dramana. Karakteristik palaku bisa katémbong dina caritaan nu ditepikeun antar palaku nalika aya prosés komunikasi. Karakter bisa dibentuk ngaliwatan kekecapan nu dipaké ku pangarangna, sangkan nu ngaprésiasi bisa kagambar kumaha karakter sarta pasipatan palaku. Kekecapan anu dipaké ku pangarang mangrupa salasahiji cara pikeun némbongkeun kaéndahan dina pamakéan basa dina wangun karya sastra.

Sudaryat (2015, kc. 252) nétélakeun yén unggal karya sastra sok ngagunakeun unsur-unsur basa anu sipatna éstétis, upamana gaya basa. Gaya basa minangka pameungkeut antara basa jeung sastra, nu diungkap ku stilistika. Éta ungkara luyu jeung pamadegan Keraf (1980, kc. 99) nu nétélakeun yén gaya basa jeung tulisan minangka salah sahiji unsur nu ngirut dina hiji karya. Unggal karya ngabogaan gaya anu béda dina midangkeunna, lantaran dipangaruhan ku pangarangna sorangan. Ku kituna, bisa disebutkeun yén watek pangarang mangaruhan kana karyana. Gaya basa nu digunakeun ku pangarang dina karyana

mangrupa cara pikeun ngagambarkeun perasan, kahayang, jeung pikiran pangarang kalawan béda tur objektif.

Dina drama pangarang bisa maké gaya basa nalika nyaritakeun eusi carita drama sangkan leuwih dimamanis sarta éstétis. Di jerona aya sababaraha caritaan nu ngaliwatan dialog antar palaku anu dina unggal caritaan téh pasti miboga maksud jeung udagana anu béda. Makéna basa nu digunakeun ku pangarang dina caritaan éta dipilih sarta diréka sangkan nu maca bisa ngarti naon makna jeung maksud dina éta caritaan. Caritaana éta drama bisa dipangaruhan ku rupa-rupa faktor, di antarana, saha nu nyarita jeung diajak nyarita, katut iraha jeung di mana lumangsung prosés komunikasina. Ieu hal luyu jeung pamadegan élmu pragmatik anu nétélakeun bagbagan makéna basa keur kaperluan anu tangtu dina hiji komunikasi, kumaha patalina kalimah nu luyu jeung pangabutuh nu makéna. Atawa kumaha cara milih basa anu keuna tur luyu jeung pangabutuh nu makéna (Levinson, dina Sudaryat, 2003 kc. 9-10).

Salaku objek panalungtikan kabasaan, drama mangrupa salasahiji karya anu bisa dipaluruh tina sababaraha unsur. Ti sagédéngéun éta, aspék-aspék di sajeroeunna nyangkaruk jihat kajian anu rupa-rupa. Nepi ka kiwari, umumna panalungtikan drama leuwih museur kana struktur jeung semantikna. Can loba panalungtikan kana kumaha pamakéan basa jeung gayana sangkan maksud jeung tujaanna katepikeun.

Ieu panalungtikan raket patalina jeung panalungtikan pragmastilistik. Ulikanna sarua ngeunaan gaya basa dina omongan. Bédana dina ieu panalungtikan diulik hiji-hiji dina tiap unsur. Boh dina ulikan pragmatikna, boh dina ulikan stilistikna. Panalungtikan ngeunaan pramastilistik kungsi dipedar ku Zainah Asmaniah nu judulna “*Naskah Drama Rajapati Karangin Ahmad Bakri (Ulikan Struktural jeung Pramastilistik)*” taun 2015. Dina éta panalungtikan teu medar sacara teleb kana ulikan pragmastilistikna. Sabada dipaluruh deui éta panalungtikan téh ukur ngulik fungsi tindak tutur nu aya dina unsur pragmatik sarta teu maluruh ngeunaan gaya basa nu dipakéna. Bédana, dina ieu panalungtikan ngulik ngeunaan pamakéan basa nu dipaluruh ngagunakeun tilikan statistika, sarta ulikan maksud jeung udagan dina nyarita diulik maké tilikan pragmatik. Sabab dina ieu hal duanana silih rojong, bisa katempo nalika urang rék

nepikeun maksud tina omongan ngagunakeun gaya basa nu dipaké pikeun nepikeun sababarha udagan nu tangtu. Dina ulikan stilistik urang bisa nyaho gaya nu dipaké panyatur dina nepikeun caritaana. Sedengkeun dina ulikan pragmatik urang bisa mikanyaho naon udagan panyatur dina nepikeun caritaana. Pragmatik téh sarat-sarat nu ngalantarankeun luyu henteuna makéna basa dina komunikasi. Aspék-aspék makéna basa atawa kontéks luar basa nu méré sumbangan kana makna dina caritaan (Kridalaksana, 2008, kc. 198). Ku kituna, saupama urang maluruh caritaan dina paguneman nu aya dina drama, urang gé kudu apal kontéksna. Biasana kontéks téh dipikaharti salaku hiji hal anu geus aya saacan nyarita. Ngaliwatan éta kontéks panyatur bisa ngarobah cara jeung gaya dina nyarita dumasar kana kasang tukang kontéks jeung udagan dina nyaritana.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan maksud omongan sarta gaya basa dina naskah drama. Ku kituna, ieu panalungtikan museur kana Analisis Pragmatik jeung Stilistik dina naskah drama, kalayan judul “Ulikan Pragmaik jeung Stilistika dina Naskah Drama “Kalangkang” Karya Nazaruddin”

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dina panalungtikan pragmatik mibada lima unsur ulikanana, diantaranya deiksis, implikatur, présuposisi, polah ucap jeung struktur konversasi. Sedengkeun dumasar kasang tukangna ieu panalungtikan diwatesanan jadi tilu unsur nyaéta implikatur, polah ucap jeung struktur konversasi. Éta dicokot lantaran tilu unsur téh maluruh ngeunaan maksud jeung tujuan dina hiji paguneman, sarta aya pakaitna jeung ulikan gaya basa nu dipaké pikeun nepikeun hiji maksud jeung udagan dina pagunemanana. Ulikan éta gaya basa diulik dumasar lima belas wanda gaya basa. Paguneman nu dipaluruh nyaéta paguneman nu aya naskah drama ““Kalangkang”” karya Nazaruddin Azhar.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah jeung kasang tukang, ieu panalungtikan boga sababaraha masalah anu kudu dirumukeun. Masalah nu baris ditalungtik dirumuskeun dina wangun panya ieu dihandap.

- a. Unsur pragmatik (Implikatur, Polah ucap jeung Adegan konversasi) naon waé nu aya dina naskah drama “Kalangkang”?
- b. Wanda gaya basa naon waé nu aya dina naskah drama “Kalangkang”?
- c. Kumaha patalina unsur pragmatik jeung unsur stilistik nu aya dina naskah drama “Kalangkang” kana ulikan pragmastilistik?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Patali jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan nurék dihontal, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1. Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun manggihan jeung nganalisis unsur pragmatik sarta gaya basa naskah drama “Kalangkang”.

1.3.2. Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. Unsur pragmatik (implikatur, polah ucap jeung struktur konversasi) dina naskah drama “Kalangkang”.
- b. Wanda gaya basa dina naskah drama “Kalangkang”.
- c. Patalina unsur pragmatik jeung unsur stilistik dina naskah drama “Kalangkang” kana ulikan pragmastilistika

1.4. Mangpaat Panalungtikan

1.4.1. Mangpaat Tioritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa nambahan pangaweruh nu macana, katut jadi salah sahiji référénsi pikeun kaperluan-kaperluan nu aya pakaitna jeung panalungtikan anu medar katata basa.

1.4.2. Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun:

- a. Panalungtik, sangkan méré pangaweruh dina widang katatabasaan, hususna dina analisis pragmatik jeung stilistik
- b. Lembaga, salaku dokumentasi ngeunaan pamalungtikan katata basa
- c. Umum, méré pangaweruh ngeunaan unsur pragmatik jeung gaya basa dina drama “Kalangkang” karya Nazaruddin.

1.5. Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina nyusun ieu tesis ngawengku lima bab. Bab I Bubuka, eusina ngajéntrékeun kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan. Bab II Ulikan pustaka, eusina ngawengku ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tioritis, jeung raraga mikir. Bab III Métodologi panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, metode panalungtikan, sumber data, téhnik panalungtikan jeung instrumen panalungtikan. Bab IV Hasil panalungtikan ngeunaan Analisis unsur pragmatik jeung gaya basa dina Drama ““Kalangkang””. Bab V Kacidekan jeung implikasi tina hasil panalungtikan katut saran ti panalungtik ngeunaan hal-hal nu aya patalina jeung panalungtikian ka hareupna.